

Sa paran bezwen konnen

Timoun yo se PA ti granmoun yo ye!

- Timoun souvan aji anvan yo reflechi.
- Timoun paka reyalize a ki vitès machin yo ap kouri vin sou yo epi yo panse machin ka rete toudenkou.
- Timoun distrè fasil epi yo ka reyaji de fason w paka prevwa.
- Timoun bliye zafè trafik lè y ap jwe.
- Timoun pi kout pase granmoun epi yo pa kapab wè anlè machin yo, anlè ti pye bwa, oswa lòt bagay.

Zòn lekòl ak timoun ki prale lekòl

Lalwa mande lè yon bis lekòl kanpe epi limyè l yo ap flashe, trafik la — sou toulède bò yon lari ki pa divize — dwe kanpe.

Kèk chofè pa konnen lwa sa a oswa yo inyore l epi yo pase akote bis lan san yo pa kanpe.

Chofè yo ta dwe ralanti nan zòn lekòl yo, bò kote timoun ap jwe, oswa kote yo wè ki gen timoun.

Atann pou nenpòt bagay ka rive!



Tout moun ka fè kèk bagay pou ka gen sekirite

- LANNWIT**, limyè vin rann ou le pli vizib posib. Mete rad blan pap sifi pou chofè yo ka wè w.
When walking at night, carry a flashlight or wear flashers.
- Kenbe yon flach nan men w oswa mete bagay ki ka flache.
Where there are no sidewalks, walk facing traffic. Be Safe! Be Seen!
- Itilize materyèl ki ka reflete limyè ou ka jwenn nan magazen oswa kote yo vann ekipman espòtif. Timoun yo renmen jan de bagay sa yo paske yo reflete limyè epi ou ka kole yo sou rad ou, sou sakado, ak lòt bagay.
- Pandan LAJOUNEN, lè SOLÈY AP LEVE ak lè SOLÈY AP KOUCHE, pi meyè koulè pou mete sou ou se jonn fliyoresan, oranj, vèt, ak woz.
- Nan kote ki pa gen twotwa, mache fas pou fas ak sikilasyon an.

METE W AN SEKIRITE! FÈ YO WÈ W!



Beth Israel Deaconess
Medical Center

Ti bwochi sa a devlope avèk kolaborasyon epi ak lajan Administrasyon Nasyonal Sekirite Trafik sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration), Region 1 Office, Cambridge, MA

Nou ba w Pèmisyon pou repwodwi enfòmasyon sa a depi ou bannou kredi pou sa.

PEDESTRIAN, WALK SAFELY

Haitian Creole Language



PYETON, MACHE AN SEKIRITE



Mache an sekirite enpòtan pou tout fanmi an

Nou tout mache a yon moman oswa yon lòt nan jounen an — ou fè sa lè w ap mache sou twotwa a oswa lè w ap travèse lari e menm lè w ap desann yon bis oswa yon machin.

Dèmilye moun k ap mache viktim aksidan nan sikilasyon la. Ou ka evite pou pa pwochen viktim lan si w swiv konsèy sa yo lè w ap travèse lari.

Toujou travèse lari nan kwen lari a.

☀ **Kanpe** bò lari a.

☀ Gade **bò goch** ou, epi gade **bò dwat** epi **bò goch** ou ankò.

☀ Lè lari a vid, ou ka kòmanse travèse.

☀ **Kontinye veye** pandan w ap travèse a.



You can prevent being a victim of a traffic crash if you follow these tips when crossing the street.

Always cross a street at the corner.

- ✓ **Stop** at the curb.
- ✓ Look to your **left**, then to your **right** and then **left again**.
- ✓ When clear, start crossing.
- ✓ **Keep looking** as you cross.



Obeyi siyal pou sikilasyon yo



PA Mache
(Senbòl men KI RETE ANPLAS)

Sa vle di RETE SOU TWOTWA A. Pa travèse. Se tou pa chofè a pou l demare.

Do NOT Walk
(STEADY symbol of hand)

This means **STAY ON THE SIDEWALK**. Do not cross. It is the driver's turn to go.



Mache (senbòl yon moun)

Sa vle di se tou paw pou travèse. Pa depann de pèsòn oswa de anyen. Sonje, gade sou bò goch, bò dwat, bò goch ankò

Kounye a, ou mèt travèse, men kontinye veye.

Toujou rete ALÈT.

Walk (symbol of figure)

This means it is your turn to cross.

Do not depend on anybody or anything.

Remember, look left, right, left again.

Now, cross, but keep looking.

Always remain ALERT.



Pa Kòmanse
(Senbòl men k ap FLASHE a)

Sa vle di PA KÒMANSE travèse lari a. RETE sou twotwa a. FIN travèse si w te deja kòmanse fè sa

Do Not Start
(FLASHING symbol of hand)

This means **DO NOT START** to cross. **STAY** on the sidewalk. **FINISH** crossing if you have already started.

Chak ane, dè dizèn de milye timoun ak granmoun mouri oswa blese lè machin frape yo.

Se pi souvan lè y ap jwe bò lakay yo machin frape yo. Yo gen tandans kouri nan mitan lari a sou katye a, kote chofè yo pa atann pou rankontre yo la.

Timoun ki gen mwens pase dizan ta dwe travèse lari a ak yon granmoun oswa yon lòt timoun ki pi gran.

Sonje byen: Timoun yo pral imite sa w ap fè, kidonk **ANSEYE AK EGZANP.**

Timoun k ap mouvman

Timoun ki nan jadendanfan jiska twazyèm klas ap aprann pou yo vin endepandan. Yo poko kapab ijje zafè trafik poukont yo. Kidonk, yo ta dwe travèse lari a ak yon granmoun oswa yon lòt timoun ki pi gran pase yo.

Bay yon bon egzannp. Lè w ap travèse lari a ak yon timoun, toujou raple timoun nan pou li

☀ **PA JANM** kouri nan mitan machin ki estasyon

☀ **PA JANM** jwe nan lari a

Children are hit by cars most often when playing near home.

They tend to run into the street in the middle of the block, where drivers do not expect them.

Children under the age of ten should cross the street with an adult or older child.

Set a good example. When crossing the street with a child, always remind the child:

NEVER to run out from between parked cars

NEVER to play in the street